



Fòmilè Demann pou Lekòl Boston Day and Evening Academy (BDEA)

Misyon **BDEA** se reangaje elèv sila yo ki kite chemen yo nan afè edikasyon, epitou prepare yo pou yo kapab dekwoche diplòm lekòl segondè yo, pou yo reyisi aprè etid segondè yo, epi patisipe nan kominote yo nan yon fason siyifikatif. Pou kore misyon sa a, BDEA ofri yon kilti skolè ki bay elèv yo sipò, sekirite, ak angajman, ansanm ak kèk eleman pwogramasyon espesyal :

- Opsyon pwogram pou akomode orè pèsonèl elèv yo :
 - Pwogram lajounen : 9:00 dimaten jiska 2:30 nan laprè midi
 - Pwogram sware : 10:00 dimaten jiska 3:30 nan laprè midi
 - Lè mèktredi ak vandredi, klas anrichisman yo lage bonè
 - Sipò akademik pou klas yo, pou tout elèv, apati 3:30 jiska 4:30
- Ansèyman ak evalyasyon ki baze sou konpetans pèmèt ou resevwa kredi pou sa w konnen
- Klas yo piti
- Genyen yon konsèy reyini twa fwa pa semèn pou kore kwasans sosyal e skolè
- Genyen kèk opòtinite aprantisaj inik (san parèy) :
 - Mwa pwojè, ki ofri aprantisaj "pratik"
 - Pòtfolyo elèv, ki ofri elèv yo yon opòtinite pou yo reflechi sou aprantisaj yo e etabli kèk objektif
 - Plizyè opòtinite pandan tout ane a pou w itlige Vwa w, pam opòtinite sa yo : "Spoken Word" (powezi awotvwa) nan restoran "Haley House Bakery and Cafe", ki sitye nan Dudley Square.
 - Klas anrichisman ki ekspose elèv yo a kèk opsyon karyè epi ki met aksan sou konpetans enpòtan elèv yo ap bezwen pou 21yèm syèk la pou yo reyisi (pa egzanp : Pwodiksyon Mizik, Konpetans Gastwonomik (konpetans nan afè kuizin), Atizay, Karyè nan Domèn Sante, Preparasyon Pwfesyonèl, elatriye)
 - Genyen kat seremoni remiz diplòm chak ane, k ap ba w opòtinite pou w resevwa diplòm ou lòske w fin satisfè tout egzijans diplòm nan.

| | |
|--|---|
| ETAP 1 : Fòmilè Demann Konplè | Ou kapab ranpli yon Vèzyon Elektwonik fòmilè demann nan; ranpli fòmilè demann nan epi voye l nan adrès : Boston Day and Evening Academy Attention: Admissions Manager 20 Kearsarge Avenue Roxbury, MA 02119 |
| ETAP 2 : Lotri | Si genyen plis fòmilè demann pase elèv, n ap bezwen fè yon lotri publik, k ap fèt nan lekòl BDEA. N ap afiche dat la ak lè a sou sit entènèt nou an 2 semèn avan lotri a. Si w fè yon demann aprè ane skolè a fin kòmanse avan delè fòmilè demann nan afiche, epi pa genyen yon lis datant aktif nan moman an, donk w ap resevwa yon òf admisyon (pou n admèt ou). Si genyen yon lis datant, y ap trete fòmilè demann ou an aprè lis datant ki te kreye avan an fini. |
| ETAP 3 : Yon apèl telefòn oswa yon lèt pou anonse ke n asepte w | Si nou asepte w, n ap kontakte w swa nan telefòn oswa alekri nan yon lèt k ap genyen dat w ap kòmanse a ladan l. W ap genyen 2 semèn pou w reponn kontak sa a ou te resevwa a pou w rezèvè plas ou. Tanpri retounen apèl la pou w fè n konnen ke w vle ale nan lekòl BDEA ! Epitou fè si ke w enskri nan Lekòl Biblik Boston, epi voye relve nòt pi resan w yo bay lekòl la (oubyen pote yo nan oryantasyon an). Si w genyen kèk kesyon konsènan estati enskripsyon w nan Lekòl Biblik Boston nan moman sa a, tanpri verifye sa avèk Sant Reangajman an nan nimewo telefòn 617-635-2273, oubyen pase nan youn nan Sant Dakèy BPS yo ki nan katye kote w abite. |
| ETAP 4 : Papye pou ranpli ak oryantasyon an | Infwa ke w asepte yon plas nan BDEA epi w enskri ofisyèlman nan Lekòl Biblik Boston (BPS), w ap patisipe nan yon oryantasyon k ap dire kat jou (lendi jiska jedi) kote w ap aprann plis sou kilti lekòl BDEA la ak sistèm ansèyman ak aprantisaj inik li a ki baze sou konpetans. Epitou w ap fè kèk egzamen dyagnostik ak egzamen plasman nan matyè matematik ak lèt (syans sosyal). Objektif egzamen sa yo se sèlman pou w resevwa kredi pou kou yo ak pou plasman. Infwa ke w fini oryantasyon an, w ap kòmanse premye trimès ou. Si posib, tanpri fè si ke w nou resevwa relve nòt aktyèl ou yo nan peryòd sa a, otreman nou p ap kapab mete w nan kou apwopriye yo ! |

Preferans :

Misyon BDEA se sèvi elèv Boston jiska laj 23 an ki rekile 2 zan oswa plis ke 2 zan nan klas yo. Elèv BDEA yo dwe abite nan vil Boston. Selon lwa lekòl charter yo, tout lekòl Horace Mann Charter School yo, menm BDEA tou, dwe admèt elèv yo nan lòd de preferans suivan an :

Dokiman sa a te mijou nan dat oktòb 2018 : Tanpri note ke fòmilè demann sa a ap detwi, konfòm a Lwa 603 CMR 23.00 Eta a. Kandida yo kapab mande pou yon kopi avan sa fèt.

- Frè ak sè elèv ki enskri nan lekòl BDEA nan moman sa a. (Nan optik sa a, fason nou defini frè ak sè se moun ki genyen yon paran an komen, swa natirèlman, oswa legalman atravè adopsyon.) N ap konsidere elèv sa yo kòm Priyorite 1.
- Elèv ki enskri nan lekòl piblik ki fè pati distri Lekòl Piblik Boston nan moman sa a. N ap konsidere elèv sa yo kòm Priyorite 2.
- N ap konsidere tout lòt elèv ki abite nan vil Boston kòm Priyorite 3.

Boston Day and Evening Academy pa diskrimine sou baz reliyion, ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans, etnisite, sèks, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa andikap fizik, laj, zansèt/desandan, pèfòmans spòtif, bezwen espesyal, konpetans nan lang angle oswa nan yon lang entranje, ni sou ansyen aknplisman skolè. BDEA pa tolore dirkriminasyon, entimidasyon, menas, fòs, ak/ni pèsekisyon sou okenn fòm, ki ensilte diyite lòt moun nan fason sa kontrarye libète yo pou yo aprann e travay. Nou pa genyen entansyon pou n itilize okenn nan enfòmasyon ki sou fòmilè sa a pou n diskrimine, ni nou p ap fè sa. BDEA p ap divulge okenn enfòmasyon moun founi ba li nan fòmilè demann sa a, esepte bay Depatman Edikasyon Elementè e Segondè a, selon jan lwa eta a ta egzije sa.

Pati 1 (Egzije) : Enfòmasyon Kandida Elèv la – Ekri an fòm enprimri ; itilize lank BLE oswa NWA

DAT LA : _____ / _____ / _____

Non elèv la : _____

Prenon

Dezyèm non

Non fanmi

Adrès li : _____ Nimewo apatman : _____

Vil la : _____ Kòd postal (zip code) : _____ Dat nesans li : _____ / _____ / _____

Telefòn selilè elèv la : () _____ - _____ Nimewo idantifikasiyon BPS : (si se yon elèv BPS) _____

Imel : _____

PARAN OSWA GADYEN RESPONSAB OU ABITE AVÈ L LA (AVÈ YO) :

Non I : _____ Relasyon : _____ Telefòn : () _____ - _____

Non (opsyonèl) : _____ Relasyon : _____ Telefòn : () _____ - _____

Imel : _____

MAKE nenpòt nan KARE SUIVAN YO KI ANRAPO AVÈ W :

Mwen nan nivo klas suivan an, oswa dènye ane klas mwen se te (sèkle I) : 8 9 10 11 12

Nan moman sa a mwen fè pati yon Lekòl Piblik Boston (non lekòl la) : _____

Mwen genyen yon frè/sè legal, oswa natirèl, ki ale nan lekòl BDEA (Non ak klas frè oswa sè a ap fè a) : _____

Nan moman sa a mwen ale nan lekòl METCO, yon lekòl charter, prive, reliye, oswa mwen resevwa ansèyman lakay (non lekòl la) : _____

Note ke : Elèv k ap make kare sa a dwe soumèt avèk fòmilè demann sa a prèv ki pwouve ke yo abite Boston.

Mwen pa enskri lekòl nan moman sa a. Lekòl ou te fè pati ladan yo oparavan :

Non lekòl la : _____ Dat ou te konn al ladan I (ladan yo) : _____ / _____ jiska _____

Non lekòl la : _____ Dat ou te konn al ladan I (ladan yo) : _____ / _____ jiska _____

NAN KI PWOGRAM LEKÒL BDEA OU TA PREFERE ENSKRI ?

NOTE KE : Repons pou sekson sa a opsyonèl e sa p ap enfliyanse admisyon w, men sepandan kòmantè w yo va ede n detèmine ki plas k ap meyè plas la pou ou.

Mwen menm, ki siyen anba a, mwen li fòmilè demann sa a, e mwen sètifye ke l korèk e konplè.

Siyati paran an/gadyen responsab la (si kandida a pi jèn ke laj 18 an) : _____ Dat _____

la : ____ / ____ / ____

Siyati kandida a (si l pi gran ke laj 18 an) : _____ Dat la : ____ / ____ / ____

Si w prefere pou nou pa rele non pitit ou a pandan lotri biblik nou an ap fèt, ou kapab chwazi pou w pa patisipe nan sa, jis tcheke liy sa a
_____ epi ekri inisyal non w (premye lèt prenon w ak non fanmi w kòmanse) _____